

GESANG BETAH PENGORBANAN

Dening : Arsadi

اللَّهُ أَكْبَرُ (٩X) كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا، وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً
وَأَصِيلًا، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ، الْحَمْدُ لِلَّهِ
الَّذِي جَعَلَ الْحَيَاةَ رَأْسَ مَالِنَا فِي هَذِهِ الدَّرِّ. وَبِهَذَا يَتِمَكَّنُ أَنْ نَعْمَلَ
لِسَعَادَةِ دَارِ الْقَرَارِ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ، صَدَقَ وَعْدُهُ، وَ
نَصَرَ عَبْدَهُ، وَأَعَزَّ جُنْدَهُ وَهَزَمَ الْأَحْزَابَ وَحْدَهُ. وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا
عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا وَمَوْلَانَا مُحَمَّدٍ، الشَّافِعِ فِي
الْمَحْشَرِ، وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ بِمِلَّتِهِ اشْتَهَرَ. أَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا
النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ، وَاعْلَمُوا
أَنَّ هَذَا يَوْمٌ عِيدٌ وَسُرُورٌ، وَاعْتِقَاقٌ مِنَ النَّارِ وَأُجُورٌ.

اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

Para sedherek kaum muslimin ingkang minulya,

Wasiat kula dhateng badan kula lan dhumateng panjenengan sedaya, sumangga kita tingkataken taqwa dhumateng Allah SWT kanthi nindakaken ingkang dipun-dhawuhaken saha nilar punapa ingkang dados awisanipun.

Shalawat lan salam mugi Allah tetepaken dhumateng Junjungan kita Nabi Agung Muhammad SAW. Satunggaling piyantun ingkang kening damel patuladhan tur kajamin leresipun awit sedaya ingkang katindakaken boten kadasaran hawa nafsu, namung kadasaran wahyu dhawuhipun Allah SWT.

Jamaah shalat led rohimakumullah,

Alhamdulillahillah rabbil 'alamiin, enjang punika kula lan panjenengan sedaya saged kempal manunggal ing papan ingkang mubarak punika kanthi niatan ingkang sami, inggih punika nedya ngetingalaken raos syukur lan thoat kita dhumateng Allah SWT. ingkang sampun maringi nikmat, rohmat, taufiq lan hidayahipun ngantos boten kawilang, utaminipun nikmat iman lan Islam ingkang taksih tumancep ing saklebeting dada manah kita, kalih perkawis punika ingkang badhe nglumantaraken kita gesang tumuju keslametan, kabagyan lan menang ing donya tuwin akheratipun.

اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

Jamaah shalat led rohimakumullah,

Kita lampahi satunggalipun ritual kanthi shalat ledul Adha, kejawi punika sedherek kita ingkang kaparingan kalonggaran rizqi sami mragat hewan qurban, ingkang dagingipun lajeng dipun-bagi-bagi kaparingaken dhateng para sedherek kita ingkang 'fuqara' lan masakin. Kaum muslimin sanesipun wonten ingkang dipun-paringi kalodhangan tindak ing tanah Haromain utawi tanah suci kangge ndherek timbalanipun Allah nindakaken ibadah haji, namung kemawon pemerintah Indonesia ing tahun 2022 punika nembe saged ngangkataken sebagian alit jamaah kemawon jalaran Covid-19 dereng paripurna saestu, mugi sedaya dipun paringi kemabruran lan do'anipun ijabah, sakonduripun mangkih mugi masalah kangge tiyang sanes.

Para sedherek, pagesangan manungsa ing alam donya punika, kanthi pengaruh perkembangan zaman kemajuan teknologi ingkang sangsaya cepet, kalebet minangka seweneh sababiyah saking robahipun pola pikiripun manungsa, jalaran tuntutan kabetahan sangsaya katah lan ageng tanpa wontenipun keseimbangan penghasilan. Kawontenan mekaten menawi boten kadasaran iman ingkang kiyat saged murugaken perkawis. Sedaya anjalari sangsaya boten menentunipun pagesangan, tatanan ekonomi morat-marit, swasana repot, sulit tambah dinten sangsaya meningkat, punapa malih tambah akibat dampak pandemi Covid-19 kalih tahun kapenger.

Mrembetipun anjalari dhateng krisis moral, awujud penodongan, perampokan, colong jupuk, ngantos dumugi penganiayaan, paten-pinaten dados kabiasaan, jalaran risaking mental ingkang sampun kablokir dening hawa nafsu. Kesadaran sosial sangsaya tipis, raos welas asih dhateng sesami ugi sangsaya kendor. Kawontenan ingkang mekaten temtunipun dados tanggel jawabipun sedaya umat, khususipun umat Islam kedah dipun-tumbuhaken semangat sosialipun kangge ngantisipasi lan njembatani saking kerisakan ingkang langkung ageng malih. Ing dinten nahar 10 Dzulhijjah punika dumugi telasipun dinten tasyrek 11 ngantos 13 Dzulhijjah punika. Kita dipun-latih lan dipun-sunnahaken mragat hewan qurban arupi onta, maesa, lembu utawi mendo ingkang sehat, lemo lan boten cacat. Sedaya katindakaken kangge *taqorrub ilallah* (kepersek dhateng Allah) lan kangge ngupadi ridlanipun Allah SWT. Dhawuhipun Allah Q.S. Al Kautsar 1-3 :

إِنَّا أَعْطَيْنَاكَ الْكَوْثَرَ (١) فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَانْحَرْ (٢) إِنَّ شَانِئَكَ هُوَ الْأَبْتَرُ (٣)

Tegasipun : 1). Temen Ingsung wus maringi marang sira (Muhammad), nikmat kabecikan kang akeh, 2). Mula saka iku sira tindakna shalat marang Allah Pangeranira lan nyembeleha qurban. 3). Sayekti wong kang geting marang sira iku wong kang cures, pedot saka nikmat kabecikan tur entek turunane.

Piwucal ingkang kaemot wonten ing syari'at qurban punika boten sanes jalaran manungsa anggadahi tabi'at egois (kepengin ménange dhewe), kepingin maju piyambak, kepengin sugih piyambak, pinter piyambak. Pramila kanthi qurban manungsa dipun-wucal supados biasa purun qurban kangge kepentingan tiyang sanes. Boten tamak lan boten rakus, boten namung mikiraken pribadinipun, ananging ugi purun tumindak kangge kesejahteraan lan kemajuan umat. Islam paring piwucal supados kita saged caket dhateng Allah kita kedah caket dhateng tiyang sanes ingkang kekirangan. Allah ngendika wonten Q.S. Al Hajj : 28,

فَكُلُوا مِنْهَا وَأَطِيعُوا الْبَائِسَ الْفَقِيرَ (٢٨)

Tegese : Mangka sira pada mangana saka daging qurban mau lan aweha pangan marang wong-wong kang kesusahan tur fakir.

اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، وَاللَّهُ الْحَمْدُ

Para sederek ingkang minulya,

Menawi siyam ingkang kita lampahi mengku piwucal supados kita saged ngraosaken ngelih, lesu, ngelak kados dene ingkang karaosaken para fakir miskin. Kosok wangsulipun kanthi ibadah qurban pikantuk piwucal kados pundi kita ndamel mbegena, remen, bingah ugi marem lan damel tuwuk dhateng fakir miskin kados ingkang sampun karaosaken dening tiyang-tiyang sugih. Penyembelihan hewan qurban punika estunipun namung simbul sanepa, langkung baken saking punika kita dipun-tuntut supados purun berqurban ing sedaya samukawisipun pagesangan demi kemaslahatan kangge ngupadi ridhanipun Allah, berqurban kapan lan ing pundi kemawon lan kanthi punapa kemawon midherek keperluanipun lan kemampuan kita kalebet ingkang paling kita tresnani. Tuladha ingkang katindakaken Nabi Ibrahim AS, saha putranipun Ismail AS Mujudaken patuladhan kasebat. Putra ingkang dipun-tresnani lan semanten dangunipun dipun-gadang-gadang dipun-suwun dening ingkang Maha Kuwaos, namung amargi thoatipun, sedaya ikhlas katindakaken. Akhiripun Gusti Allah ugi ingkang paring pangreksa lan pitulungan.

اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، وَاللَّهُ الْحَمْدُ

Jamaah shalat led rohimakumullah,

Tasih katah ing antawis kita umat Islam ingkang kejobak ing pemikiran bilih agami punika cekap winates ing ibadah formal kados syahadat, shalat, puasa, zakat, haji. Kanthi ngliwakaken fakir miskin ingkang kaluwen, anak yatim ingkang boten kopen, anak jalanan ingkang boten krumat, boten kabendung dados risak moralipun. Tiyang ingkang namung khususu' ibadah ritualipun, ananging boten nggatosaken ayat kaunyah ingkang gumelar, dipun-sindir dining Allah SWT, Allah ngendika wonten Q.S. Al Ma'un 1-7 :

أَرَأَيْتَ الَّذِي يُكَذِّبُ بِالْإِيمَانِ (١) فَذَلِكَ الَّذِي يَدْعُ الْيَتِيمَ (٢) وَلَا يَحْضُ عَلَى طَعَامِ الْمِسْكِينِ (٣) فَوَيْلٌ لِلْمُصَلِّينَ (٤) الَّذِينَ هُمْ عَنْ صَلَاتِهِمْ سَاهُونَ (٥) الَّذِينَ هُمْ يُرَاءُونَ (٦) وَيَمْنَعُونَ الْمَاعُونَ (٧)

Artosipun :

1). Apa sira (Muhammad) wus weruh wong kang nggorohake agama ? 2). Yaiku wong kang ora nggatekake bocah yatim. 3) Lan ora paring pangan wong miskin, 4) Mangka cilaka tumrape wong kang pada shalat,

5) yaiku wong lali marang shalate, 6). Kang tumindak riya, 7). Lan wegah paring bantuan.

Ayatipun Allah kasebat saged dipun-pahami bilih, tiyang ingkang nggorohaken agami punika boten mesthi tiyang ingkang boten shalat, kapara malah anggenipun shalat langkung sregep. Namung kemawon intinipun shalat dereng mrasuk ing **'thelenging manah'**, satemah dereng saged damel pepadanging gesang, taksih remen tumindak maksiyat lan nglampahi kemungkaran. Dados shalatipun namung winates ing gerakan badan, jiwaupun dereng kesenggol kesaenan tumuju budi pekerti luhur.

اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

Kaum muslimin ingkang minulya,

Ing zaman samangkeh katah tiyang ingkang boten ajrih dhateng ancamanipun Allah, saengga badhe tumindak punapa kemawon midherek pikajenganipun piyambak, punapa malih ingkang naminipun fitnah, *masya Allah na'udzubillahi min dzalik*. Ing surat kabar (medsos), punapadene HP ugi internet, samukawis ingkang boten wonten kasunyatanipun saged beredar kados estu nyata, satemah katah tiyang ingkang kapusan, timbul huru hara, timbul bencana, tawuran lan sanesipun namung jalaran kabar 'hoak' lan apus-apus. Menawi kita boten istiqomah dhateng paugeraning agami saged kemawon kita ingkang dados korban. Pramila kita kedah cancut taliwandha ing kawontenan zaman ingkang mekaten, ewet dipun-adang-adangi, namung paling boten kedah wonten ikhtiar inggih punika **'berani berkorban demi kemaslahatan bersama'**. Muslim ingkang sae boten namung sugih banda, ananging ugi sugih ati lan tansah syukur, sregep bertasbih, dzikir rintan ndalu, ndedonga dhateng Allah, tanggap sasmita ing kawontenan, jiwa sosialipun inggil, punika ingkang kagolong muttaqin midherek pangandikanipun Allah ing Q.S. Al Baqarah 177 :

Tegesipun : *"Dudu aran kabecikan anggonmu pada ngadhepake rai-rainira ing arah wetan utawa kulon, ananging kang diarani kabecikan iku wong kang iman marang Allah, Dina Qiyamat, para malaikat, kitab, lan para nabi, lan menehake banda kang ditresnani banget diwenehake marang sanak sedulur, bocah yatim, wong miskin, musyafir (wong lelungan kentekan sugu), wong kang anjejaluk, nebus mardikakake batur tukon, lan nindakake shalat, aweh zakat, lan wong-wong kang nepati janjine yen dheweke mau janji, lan wong kang pada sabarana ing sajrone kasengsaran lan rekasa, lan teguh nalika perang ruket.*

Wong-wong kang mengkono mau wong kang padha temen-temen lan ya wong-wong iku mau wong kang padha taqwa."

Kita perlu berkoban demi kepentingan sesarengan tanpa nilaraken paugeran ingkang sampun gumatok. Kita asring gampang emosi, nesu, marah menawi dipun-obar kanthi isu agami, contonipun pelarangan ngagem jilbab satunggaling perusahaan, kitab sucinipun dipun-ina, pelarangan penggunaan pengeras suara kangge adzan lan sapiturutipun. Namung asring kita lamban, alon, telat rikala wonten kasus kemiskinan, kelaparan, lare putus sekolah, gelandangan, kita asring kendel lan mendel. Sempitipun pemahaman kita ingndalem memaknai pangertosan ibadah, kadang asring ndadosaken kita ketul ing babagan sosial kemasyarakatan, bersih lingkungan, dados pengusaha jujur, pemimpin adil, ngendika tansah leres, manfaati tiyang sanes, sedaya punika rupi ibadah.

اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

Para sedherek jamaah Idul Adha ingkang minulya,

Ing pagesangan punika wonten hak Allah lan hak sesaminipun gesang, katah-katahipun kita nembe rumaos dosa menawi boten shalat utawi pasa, ananging dereng ngrumaos dosa menawi boten ndumugeni kerja bakti utawi boten mangkat ronda. Pramila kanthi Idul Qurban punika mangga kita mbuktekaken bilih agami Islam ingkang kita pilih minangka margining gesang boten khusus kangge akhirat kemawon, ananging agami ingkang badhe ndumugekaken umatipun tumuju kesuksesan donya lan akheratipun "FI DUNYA HASANAH WA FIL AKHIRATI HASANAH WAQINAADZABANNAR".

Mugi Allah tansah paring pangreksa, paring pangapunten dhateng sedaya dosa kita, paring pitedah lan pitulungan kangge ngadhepi pagesangan ingkang badhe dhateng. Dipun-tebihaken saking bala' bencana, lan mugi Covid- 19 ingkang nyrimung punika tumuli enggal sirna, kita dipun-jembaraken rejekinipun, dipun-gampilaken sedaya urusanipun, *Amin ya rabbal alamin*.

اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِينَ.